

**PENGEMBANGAN MEDHIA EXPLOSION BOX TUMRAP KAWASISAN NULIS TEKS GEGURITAN
SISWA KLAS VII SMPN 26 SURABAYA TAUN 2017-2018**

Niabatul Waladiyah

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, Unesa, niabatul123@gmail.com

Dra. Hj. Sri Wahyu Widayati, M.Si.

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, Unesa

Abstrak

Para siswa ing jaman saiki akeh-akehe nggunakake basa Indonesia ing cecaturan sabendine, dadi kanggo nulis geguritan basa Jawa dirasa angel banget. Panliti ing kene milih ngembangake medhia kang bisa mbiyantu siswa lan nyengkuyung asil pasinaon. Medhia kang dikembangake arupa medhia *explosion box*. Panliten nggunakake modhel pangembangan R&D Sugiyono. Asil uji coba nggunakake I ngasilake t_{hitung} (kelas eksperimen) = 17,92 $\geq t_{tabel(db=37)} = 2,04$. $\leq t_{hitung}$ (kelas kontrol) = 12,81. Pambandhing asil *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen lan kelas kontrol ngasilake $t_{hitung} = 6,73 \geq t_{tabel}(0,05 db=74) = 2,000$. Asil iki nuduhake yen ana pambada kang signifikan antarane kelas eksperimen kang nggunakake medhia *explosion box* lan kelas kontrol kang ora nggunakake medhia *explosion box*. Asil ing uji coba nggunakake II yaiku ngasilake t_{hitung} (kelas eksperimen) = 22,48 $\geq t_{tabel}(db = 37) = 2,04 \leq t_{hitung}$ (kelas kontrol) = 6,68. Pambandhing asil *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen lan kelas kontrol ngasilake $t_{hitung} = 6,28 \geq t_{tabel}(0,05 db=74) = 2,000$. Asil ing uji coba nggunakake II iki uga nuduhake yen t_{hitung} kelas eksperimen luwih dhuwur tinimbang t_{hitung} kelas kontrol. Asil uji coba nggunakake I lan uji coba nggunakake II nuduhake menawa panganggane medhia *explosion box* bisa mangaribawani asil pasinaon siswa lan *efektif* digunakake sajrone proses pasinaon nulis geguritan siswa kelas VII SMPN 26 Surabaya.

Tembung Wigati: pengembangan, medhia explosion box, nulis geguritan

Abstrak

Para siswa di jaman sekarang kebanyakan menggunakan bahasa Indonesia di percakapan sehari-hari, jadi untuk menulis puisi dalam bahasa Jawa akan merasa kesulitan. Peneliti disini memilih mengembangkan media yang bisa membantu siswa dan mendukung hasil belajar. Media yang dikembangkan berupa media *explosion box*. Penelitian ini menggunakan model R&D Sugiyono. Hasil uji coba menggunakan I menghasilkan t_{hitung} (kelas eksperimen) = 17,92 $\geq t_{tabel(db=37)} = 2,04$. $\leq t_{hitung}$ (kelas kontrol) = 12,81. Perbandingan hasil *pre-test* dan *post-test* kelas eksperimen dan kelas kontrol menghasilkan $t_{hitung} = 6,73 \geq t_{tabel}(0,05 db=74) = 2,000$. Hasil ini menunjukkan bahwa ada perbedaan yang signifikan antara kelas eksperimen yang menggunakan media *explosion box* dengan kelas kontrol yang tidak menggunakan media *explosion box*. Hasil uji coba menggunakan II yaitu mendapatkan t_{hitung} (kelas eksperimen) = 22,48 $\geq t_{tabel}(db = 37) = 2,04 \leq t_{hitung}$ (kelas kontrol) = 6,68. Perbandingan hasil *pre-test* dan *post-test* kelas eksperimen dan kelas kontrol menghasilkan $t_{hitung} = 6,28 \geq t_{tabel}(0,05 db=74) = 2,000$. Hasil uji coba menggunakan II ini juga menunjukkan bahwa t_{hitung} kelas eksperimen lebih tinggi daripada t_{hitung} kelas kontrol. Hasil uji coba menggunakan I dan uji coba menggunakan II diatas menunjukkan bahwa penggunaan media *explosion box* dapat mempengaruhi hasil belajar siswa dan *efektif* digunakan dalam pembelajaran menulis geguritan siswa kelas VII SMPN 26 Surabaya.

Kata Kunci: pengembangan, media explosion box, menulis geguritan

PURWAKA

Lelandhesan Panliten

Kawasisan nulis wigati banget amarga mujudake kagiatan kang prodhuktif lan *ekspresif*. Prodhuktif tegese bisa ngasilake, dene *ekspresif* yaiku ngandharake gagasan lan rasa pangrasa. Asil tulisan siswa bisa nuduhake sapira pahame siswa marang sawijining bab tartamtu. Kanthi ora langsung kawasisan nulis uga bisa nambahi ragam basa tumrap siswa. Siswa bakal nemokake tembung-tembung anyar lan nggunakake tetembungan kasebut sajrone ngripta sawijining tulisan. Mula saka kuwi asil saka tulisan, bisa diweruhi sapira ambane wawasan kang

diduweni dening siswa kasebut. Saliyane kuwi asil tulisan uga bisa nggambarake watake siswa tanpa ketemu lan sesrawungan kanthi langsung.

Kanggo nyengkuyung proses pasinaon siswa, saliyané buku teks guru uga mbutuhake medhia supaya sajrone proses pasinaon bisa nambahi rasa seneng, *kreatifitas* lan greget tumrap siswa. Medhia pasinaon uga nduweni ancas bisa nambahi owah-owahan anyar lan krenteg sajrone proses pasinaon. Guru dadi luwih gampang sajrone ngandharake sawijining bab. Siswa uga luwih gampang anggoné nampa pasinaon saka guru. Anane medhia pasinaon dikarepake bisa ndadekake proses

pasinaon ing bab kawasisan nulis saya nengsemake lan bisa nggampangake guru lan siswa. Ancas pengembangan medhia pasinaon uga dikarepake bisa ngringkes wektu sajrone proses piwulangan ing kelas. Ringkes ing kene tegese ora medhot utawa ngelongi materi piwulangan kang wis ana, nanging luwih mentes lan gamblang anggane ngandharake materi piwulangan. Dadi materi piwulangan kang wis ana ing kurikulum bisa kanthi tuntas disinaoni dening para siswa. Para siswa uga tuntas anggane ngaweruhi lan paham temenan marang materi piwulangan sajrone proses pasinaon.

Asil saka wawancara guru basa Jawa ing SMPN 26 Surabaya ngenani nulis teks geguritan basa Jawa ngandharake yen kreteg siswa sajrone nulis teks karya sastra mligine geguritan basa Jawa isih kurang, mula mbutuhake piranti utawa medhia kanggo nambahi kreteg lan greget tumrap siswa. Kamangka terampil nulis geguritan kuwi gunane positif banget kanggo siswa. Siswa kang wis biyasa nulis bakal luwih wani medharake sawijining bab, luwih kreatif, lan uga nduweni suku kata kang endah lan luwih jembar. Saya akehe pilihan tembung kang diweruhi siswa bakal nggampangake siswa sajrone sesrawungan karo wong liya.

Adhedhasar saka kahanan ing dhuwur proses pasinaon antarane guru lan siswa banget mbutuhake medhia. Miturut Briggs (sajrone Sadiman, 2014:6) medhia yaiku samubarang wujud *fisik* kang bisa digunakake kanggo nyajakake pesan sarta ngrangsang siswa kanggo sinau. Panliten iki uga nggunakake medhia *explosion box* kang dikarepake bisa ngrangsang siswa lan menehi pambada wujud undhak-undhaking kawasisan nulis siswa, kanthi khusus nulis teks geguritan. Medhia *explosion box* iki wujud medhia cetak kang isine kandhut tulisan utawa teks lan gambar. Medhia jinis iki bisa luwih narik kawigatene siswa sarta bisa luwih gampang anggane menehi piwulangan marang siswa amarga kasajakake kanthi verbal lan visual.

Medhia kang dikembangake kanthi wujud verbal lan visual dikarepake bisa luwih menehi kalodhangan kanggo siswa supaya bisa mbangun komunikasi kang luwih raket lan asring marang wong liya. Kahanan kasebut bisa narik kretege siswa supaya luwih wani ngandharake panemune lan bisa nrima panemu pihak liya kang beda karo panemune. Anane pambada panemu lan komunikasi mau dikarepake siswa dadi luwih akeh nrima piwulangan, dadi ilmu kang disinaoni siswa ora mung saka awak dhewe nanging uga bisa antuk tambahan ilmu saka panemune wong liya.

Panliten iki kalebu panliten pengembangan. Panliten kang ditulis kanggo wujud pengembangan medhia pasinaon. Pengembangan medhia kang dikarepake bisa menehi pambada sajrone proses pasinaon. Pengembangan medhia *explosion box* ing panliten iki bakal ngandharake kepriye pengembangan medhia *explosion box*, *kelayakan medhia explosion box*, lan pangaribawane medhia *explosion box* tumrap kawasisan nulis teks geguritan. Panliten iki bakal ditindhakake adhedhasarancangan panliten lan metodhe panliten pengembangan. Ancangan lan metodhe panliten pengembangan yaiku digunakake kanggo ngasilake

produk, nguji keefektifan produk, lan ngaweruhi tanggapan siswa marang medhia *explosion box*.

Underane Panliten

Lelandhesane panliten kang diandharake ing dhuwur bisa nuwuhake jlentrehan underane panliten ing ngisor iki.

- (1) Kepriye proses pengembangan medhia *explosion box* minangka medhia pasinaon tumrap kawasisan nulis teks geguritan siswa kelas VII SMPN 26 Surabaya?
- (2) Kepriye *efektivitas* medhia *explosion box* tumrap undhake kawasisan nulis teks geguritan siswa kelas VII SMPN 26 Surabaya?
- (3) Kepriye tanggapan siswa kelas VII SMPN 26 Surabaya tumrap panganggane medhia *explosion box* minangka medhia pasinaon?

Ancase Panliten

Adhedhasar underane panliten ing dhuwur. Ancas saka panliten iki yaiku:

- (1) Ngandharake proses pengembangan medhia *explosion box* minangka medhia pasinaon tumrap kawasisan nulis teks geguritan siswa kelas VII SMPN 26 Surabaya.
- (2) Ngandharake *efektivitas* medhia *explosion box* tumrap undhake kawasisan nulis teks geguritan siswa kelas VII SMPN 26 Surabaya.
- (3) Ngandharake tanggapan siswa kelas VII SMPN 26 Surabaya tumrap panganggane *explosion box* minangka medhia pasinaon.

Asumsi Pengembangan

Panliten pengembangan iki diwujudake adhedhasar kurange para siswa anggane mangerteni tembung-tembung ing basa Jawa. Para siswa anggane ngripta geguritan isih kangelan merga kekurangan kawruh babakan tembung-tembung ing basa Jawa. Siswa banget mbutuhake medhia supaya bisa ndadekake kawruh bab tetembungan ing basa Jawa. Medhia uga dikarepake bisa nggampangake siswa sajrone gladhen ing piwulangan nulis teks geguritan. Panliten iki uga dikarepake bisa menehi wawasan lan nambahi rasa tresna marang seni, mligine seni nulis geguritan. Yen wis akeh tetembungan kang diweruhi dening siswa, mula bakal menehi undhak-undhakan tumrap kawasisan nulis teks geguritan.

Kawruh ngenani bab tetembungan ing basa Jawa wigati banget kanggo menehi undhak-undhakan tumrap kawasisan nulis teks geguritan siswa. Saka ngerti, akeh lan saithike siswa anggane ngaweruhi tetembungan ing basa Jawa bakal mangaribawani apa kang ditulis dening siswa. Tambah akeh ragam basa kang diweruhi dening siswa bakal nambahi corake basa ing asil reriptane. Pamilihan tembung ing saben reriptane bakal luwih werna-werni. Yen wis kasil anggane menehi kawruh bab tetembungan ing basa Jawa ora mokal bakal bisa nggayuh ancane pasinaon ing kurikulum nulis teks geguritan.

Pentinge Pengembangan

Teks geguritan kriptasaka tetembungan kang luwih cekak tinimbang kasusastran Jawa liyane. Tetembungan ing geguritan luwih cekak nanging kebak karo kaendahan basa. Kasusun kanthi struktur kang

nambahi pambada kasusastran Jawa geguritan iki karo kasusastran Jawa liyane, dadi ora bisa digampangake utawa dianggep entheng. Bener yen ora ana watesan anggone ngripta tulisan cekak iki, nanging kang mbedakake kasusastran iki karo kasusastran liyane yaiku saka tetembungan cekak, endah lan nyimpen maksud kang gegayutane karo unsur batin kang mung bisa dirasakake dening pangripta lan pamacane wae.

Nulis teks geguritan penting banget kanggo nambahi kawruh babagan basa. Sepira ambane siswa ngaweruhi babagan tetembungan lan basa kang endah bisa mangaribawabi siswa anggone ngripta teks geguritan. Mundhak akeh tetembungan kang diweruhi dening siswa mula bisa nambahi *kreativitas* siswa anggone ngripta teks geguritan. Panliten pengembangan iki ditujokake kanggo nambahi kawruh siswa tumrap tetembungan kang ana ing basa Jawa. Kanthi ngembangake medhia pasinaon kang bisa narik kawigatene siswa, mula siswa tambah seneng lan ora males anggone sinau tetembungan ing basa Jawa.

Spesifikasi Prodhuk Pengembangan

Pengembangan prodhuk ing panliten iki yaiku ngembangake medhia *explosion box* dadi medhia piwulangan materi nulis teks geguritan. Medhia *explosion box* sadurunge digunakake kanggo menehi bebungah marang wong kang ditresnani, nanging ing pengembangan iki medhia *explosion box* dikembangake dadi sumber kanggo nyengkuyung proses pasinaon siswa ing materi piwulangan nulis teks geguritan. Medhia iki ngajak siswa sinau karo dolanan, dadi siswa sinau nanging tanpa menehi beban yen siswa mau lagi sinau.

Medhia Pasinaon

Miturut Heinich, dkk (sajrone Sutirman, 2013:14) medhia yaiku minangka prantara kanggo menehi informasi saka sumber menyang panrima informasi. Medhia pasinaon yaiku sarana utawa piranti kang digunakake kanggo menehi pawarta saka pangirim marang panrima, saengga bisa narik kawigaten lan minat siswa lan ndadekake proses pasinaon dadi luwih efektif ing kelas.

Miturut Seels & Richey (sajrone Arsyad, 2007:29) kanthi dhasar pengembangane *teknologi*, medhia pasinaon bisa digolongake dadi papat yaiku *teknologi Cetak*, *teknologi audio-visual*, *teknologi basis komputer*, lan *teknologi gabungan*.

Teknologi Cetak yaiku cara kanggo ngasilake utawa kanggo ngandharake materi kaya dene buku lan materi *visual statis* utamane kang ngliwati proses cetak *mekanis* utawa *fotografis*. Tuladhane yaiku teks, gambar/foto, diagram, bagan, grafik, poster, peta lan globe, papan *flanel*, papan *buletin*. Jinis medhia kang kaping pimdho yaiku *teknologi Audio-visual*, cara kanggo ngasilake utawa kanggo ngandharake materi kanthi nggunakake mesin *mekanis* lan *elektronik*. Dadi sajrone nggunakake medhia jinis iki mesthi mbutuhake piranti pambiyantu mesin *proyektor* lan liya-liyane. Jinis

medhia kang kaping telu yaiku *teknologi basis komputer*, cara kanggo ngasilake utawa kanggo ngandharake materi kanthi nggunakake sumber-sumber kang *berbasis mikro-prosesor*. Tuladhane yaiku *CAI*, *tutorial intelijen*, *drill and practice*, simulasi. Jinis medhia kang pungkasan yaiku *teknologi gabungan*, yaiku cara kanggo ngasilake utawa kanggo ngandharake materi kanthi nggabungake panganggone pirang-pirang bentu medhia kang *dioperasikan* liwat komputer. Tuladhane yaiku *Macromedhia flash*, *goldwave*, *camtasia recorder*.

Nulis

Miturut Basir (2013:34) nulis yaiku sawijining proses ngolah lan nyajekake sawijining gagasan kanthi runtut, klebu nalar, lan nduweni makna saengga bisa menehake pamahaman kang ana ing pangangen-angene para pamacane kanthi maksimal. Gagasan ing kene awujud ringkesan panemu lan pamikiran kang diolah kanthi cara kepiye wae sajrone medhia basa wujud tulisan.

Teks Geguritan

Geguritan yaiku asil saka pamedhare pikir lan rasa kang padhet lan nduweni irama sajrone wujud gatra lan pada kanthi nggunakake basa kang endah utawa *estetik* (Tjahjono, 2000:7). Basa kang endah utawa *estetik* yaiku basa kang ngandhut tembung kang ora prasaja.

Pengembangan

Miturut Sugiyono (2016:407) panliten pengembangan yaiku metodhe panliten kang digunakake kanggo ngasilake produk tartamtu lan nguji keefektifan produk kasebut. Kanggo bisa ngasilake produk tartamtu digunakake panliten kang nduweni sipat analisis kabutuhan lan kanggo nguji keefektifan produk kasebut supaya nduweni paedah ing masyarakat mula dibutuhake panliten kanggo nguji keefektifan produk kasebut.


Explosion box yaiku sawijining seni ngrengga kertas ing medhia kang wujud kothak. (<http://www.freeyouriminations.com/products/explosion-box/>, diakses 18 Januari 2017). Tembung *explosion* ing kamus nduweni teges njeblug utawa mbledhos lan tembung *box* nduweni teges kothak. Dadi saka rong tembung mau bisa ditegesi kothak njeblug utawa kothak mbledhos. Sejatine seni *explosion box* iki isine kanggo nggrence foto utawa gambar ing medhia wujud kothak. Nanging ing kene seni *explosion box* bisa diowahi kanthi nengenake fungsi lan kagunakake medhia.

METODHE PANLITEN

Metodhe panliten pengembangan (*Research & Development*) ing panliten iki nduweni tahap kang kudu dileksanani. Tahapan-tahapan metodhe kang digunakake ing panliten iki adhedhasar konsep miturut konsep pengembangan

Sugiyono. Tahap ing kene minangka pathokan kanggo proses pengembangan medhia supaya prodhuk kang diasilake bisa digunakake ing pasinaon sabanjure. Miturut Sugiono (2016:409) tahap sajrone metodhe panliten pengembangan (*Research & Development*) yaiku :

Bagan 1 Tahapan Panganggone Metodhe R&D



Bagan panliten ing ndhuwur ditrapake marang sampel saka populasi panliten kang kapilih, panliten pengembangan iki njupuk populasi saka siswa kelas VII SMPN 26 Surabaya. Populasi siswa kelas VII SMPN 26 Surabaya kedadeyan saka sepuluh kelas kang cacahé ana 380 siswa. Miturut asil saka wawancara guru basa Jawa kelas VII SMPN 26 Surabaya iki piwulangan ing saben dinane mung nggunakake buku *lembar kerja siswa* (LKS), kahanan kasebut kang ndadekake asil saka piwulangan iki isih kurang saka KKM kang wis ditemtokake. Sampel ing panliten iki yaiku njupuk telung kelas yaiku kelas VII I minangka kelas uji instrumen, kelas VII C minangka kelas eksperimen lan kelas VII D minangka kelas kontrol. Kelas uji instrumen cacahé ana 38 siswa, kelas eksperimen ana 38 siswa, lan kelas kontrol ana 38 siswa.

Sampel wis ditemtokake banjur panliti bakal miwiti kanggo nglumpukake dhata. Dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku (1) asil wawancara guru basa Jawa SMPN 26 Surabaya, (2) asil angket kabutuhan siswa, (3) asil angket validhasi ahli, (4) asil pasinaon siswa, (5) asil angket respon siswa kang nggunakake medhia.

Teknik nglumpukake dhata sajrone panliten pengembangan iki yaiku nggunakake telung teknik, teknik wawancara, teknik tes lan teknik angket. Saka katelu teknik kasebut bakal ngasilake dhata. Dhata kang dilumpukake dianalisis supaya bisa ngaweruhi asil saka panliten pengembangan iki. Jlentrehane katelu teknik nglumpukake dhata ing panliten iki bakal diandharake ing perangan sabanjure.

Teknik Wawancara

Miturut Sugiyono (2016:194) wawancara bisa ditindakake kanthi cara terstruktur lan ora terstruktur. Wawancara terstruktur ditindakake menawa panlii wis ngaweruhi informasi apa kang bakal diolehi saengga nalika nindakake wawancara panliti wis nyiapake instrumen panliten arupa pitakonan, dene wawancara ora terstruktur

ditindakake panliti tanpa nggunakake dhasar utawa pedhoman lengkap kaya dene ing wawancara terstruktur. Panliti durung weruh dhata apa kang bakal diweruhi sajrone wawancara kasebut. Panliti luwih akeh mirengake apa kang diandharake dening responden lan mung bisa ngarahake ing masalah kang sekirane bisa didadekake bahan panliten (Sugiyono, 2016:198).

Teknik Tes

Teknik tes yaiku teknik kang digunakake kanggo nglumpukake dhata kanthi menehake sawijing tes marang *responden* utawa siswa supaya tes kasebut bisa dijawab lan bisa dadi dhata panliten. Tes kang ditindakake sajrone panliten kanggo mangerteni asil saka *evaluasi* kagiatan kang ditindhakake. Uga bisa dadi panentu *predikat* pawongan.

Panliten iki nggunakake teknik tes kanthi nindakake *pretest* lan *posttest*. Tegese *pretest* yaiku tes kang diwenehake marang siswa sadurunge pasinaon diwiwiti. Dene *posttest* yaiku tes kang diwenehake marang siswa sawise proses pasinaon utawa proses panliten sawise oleh *treadment* ing pungkasan pasinaon nulis teks geguritan saka *pelaku* panliten.

Teknik Angket

Miturut Sugiyono (2016:199) teknik angket yaiku teknik kang digunakake kanggo nglumpukake dhata sajrone panliten kanthi cara menehake pitakonan supaya bisa diwangsuli dening *responden* utawa siswa. Angket yaiku kumpulan pitakon awujud tulisan kang ditujokake marang *responden* supaya bisa diwangsuli kanthi cara nulis uga. Angket kang digunakake sajrone panliten iki yaiku angket kabutuhan siswa, angket validhasi ahli materi lan ahli medhia, lan angket respon siswa.

Instrumen Panliten

Miturut Arikunto (2010:192) *instrumen* yaiku piranti bantu utawa *alat bantu* kang dipilih lan digunakake panliti kanggo nglumpukake dhata supaya gampang lan *sintematis*. Instrumen kang digunakake ing panliten iki yaiku (1) RPP, (2) soal tes, (3) angket.

Teknik Analisis Dhata

Sawise nemtokake cara nglumpukake dhata, sumber dhata, lan dhata banjur dhata kang diolehi sajrone panliten pengembangan iki bakal dianalisis. Panliten iki bakal ngasilake dhata kanthi rumus analisis yaiku:

- (1) Asil dhata angket kabutuhan siswa dianalisis kanthi rumus

$$HP = \frac{\text{Gunggung pambiji}}{\text{Gunggung skro total}} \times 100\%$$

- (2) Asil dhata angket validhiasi ahli medhia lan materi dianalisis kanthi rumus.

$$P = \frac{F}{N} \times 100\%$$

P: Presentase

F: Frekuensi nilai

N: Frekuensi nilai maksimal

- (3) Nemtokake realibilitas instrumen tes nggunakake rumus.

$$r_{ii} = \frac{k}{(k-1)} \left\{ \frac{X_i^2 - \sum p_i q_i}{X_i^2} \right\} \quad r_{11} = \left[\frac{k}{(k-1)} \right] \left[1 - \frac{\sum \sigma_i^2}{\sigma_i^2} \right]$$

- (4) Pambiji proses pasinaon dianalisis kanthi rumus.

$$HP = \frac{\text{Gunggung pambiji}}{\text{Gunggung skro total}} \times 100\%$$

- (5) Nemtokake t-signifikan klas kontrol lan efektivitas nggunakake rumus.

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum X^2 d}{N(N-1)}}}$$

- (6) Nemtokake t-tes nggunakake rumus.

$$t = \frac{M_x - M_y}{\sqrt{\left[\frac{(\sum X^2 - \frac{(\sum X)^2}{N_x}) + (\sum Y^2 - \frac{(\sum Y)^2}{N_y})}{N_x + N_y - 2} \right] \cdot \left[\frac{1}{N_x} + \frac{1}{N_y} \right]}}$$

Sawise dhata dianalisis kanthi rumus-rumus ing ndhuwur kanggo ngaweruhi panliten kang ditindakake iku kasil apa ora banjur ditindakake uji hipotesis.

- (1) Ngrumusake hipotesis

H_0 : Pengembangan medhia *explosion box* ora mangaribawani undhaking kawasan nulis teks geguritan.

H_1 : Pengembangan medhia *explosion box* mangaribawani undhaking kawasan nulis teks geguritan.

- (2) Nemtokake taraf kapercayan utawa taraf signifikan

Taraf kapercayan 95% utawa taraf signifikansi 5% ($\alpha = 0,05$), db kelas kontrol (38-1) lan db kelas eksperimen (38-1) utawa $db = 76-2 = 74$

- (3) Nemtokake kriteria hipotesis

H_0 ditampa yen H_1 ditolak, $t_{hitung} < t_{tabel}$.

H_0 ditolak yen H_1 ditampa, $t_{hitung} > t_{tabel}$.

ASIL PANLITEN

Analisis Kabutuhan Siswa

Pambandhing asil analisis kabutuhan siswa saka kelas VII I, kelas VII C, lan kelas VII D bakal direkapitulasi saka asil rata-rata pambiji ing saben pitakonan. Dhata rata-rata saka sepuluh pitakonan

ing saben kelas banjur digoleki rata-ratane ing tabel ngisor iki.

Tabel 1

Pambandhing Asil Dhata Angket Kabutuhan siswa

No	Hp Kelas			HP
	I	C	D	
1	1,89	1,82	1,54	1,75
2	2,49	1,97	1,84	2,10
3	1,92	1,55	1,27	1,58
4	1,78	1,84	1,89	1,84
5	2,24	2,18	2,49	2,30
6	2,05	1,79	1,76	1,87
7	2,14	2,50	2,51	2,38
8	2,86	2,68	2,76	2,77
9	2,59	2,50	2,27	2,45
10	2,73	2,84	2,78	2,79
Jumlah	22,70	21,68	21,11	21,83
Rata-rata	2,27	2,17	2,11	2,18

Tabel 2 ing ndhuwur bisa ngandharake asil pangitungan angket kabutuhan siswa saka telung kelas sampel. Saka telung kelas nduweni jumlah pambiji 21,83, banjur dirata-rata ngasilake biji 2,18. Rata-rata pambiji angket kabutuhan siswa kasebut banjur digolongake ing tabel kualifikasi kabutuhan siswa kang wis ana sadurunge. Biji rata-rata 2,18 kagolong kualifikasi “kurang njangkepi kompetensi”, dadi rata-rata ing telung kelas sampel isih “kurang jangkepi kompetensi” kabeh.

Adhedhasar kualifikasi “kurang njangkepi kompetensi” kasebut bisa diweruhi menawa isih ana sing kurang sajrone piwulangan nulis geguritan. Para siswa isih akeh sing durung ngerti apa iku teks geguritan lan unsur apa wae kang mbangun teks geguritan. Minat nulis siswa kagolong cukup nanging isih mbutuhake *motivasi* saka guru supaya kepinginane siswa kanggo nulis geguritan bisa luwih gedhe. Panganggone buku lan papan tulis wae dirasa kurang dening siswa. Adhedhasar kurikulum 2013 siswa mbutuhake medhia supaya bisa luwih aktif kanggo sinau dhewe ora mung nyathet apa kang diandharake dening guru. Panganggone medhia bisa mbiyantu siswa luwih mandhiri sajrone pasinaon lan bisa digunakake dening guru supaya pasinaon ing kelas ora didhominasi guru. Anane medhia uga bisa nambahi krentege siswa sajrone nulis. Siswa dadi luwih kreatif lan jembar pamikiranane.

Sawise nyebar angket kabutuhan siswa lan meruhi apa masalah kang dialami siswa lan kepriye karakteristike siswa, banjur tahap sebanjure yaiku nglumpukake dhata. Dhata kng dibutuhake yaiku KD lan Indikator sarta materi. Sawise dhata kanggo

medhia wis jangkep lagi miwiti ngrancang dhesain medhia kang bakal dikembangake. Sabanjure divalidhasi dening para validhator ahli medhia lan materi. Validhator ahli medhia ing kene yaiku dhosen Jurusan PBD Unesa, dene validhator ahli materi yaiku dhosen Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah lan guru mata pelajaran basa Jawa klas VII SMPN 26 Surabaya.

Asil pambiji saka para validhator yaiku, pambiji saka validhator ahli medhia ngasilake rata-rata persentase 87% kang kagolong “apik banget”, dene biji saka validhator ahli materi oleh rata-rata persentase 86% kang ateges “apik banget”. Sawise divalidhasi banjur direvisi kaya apa kang dadi pamrayogane validhator ahli. Pamrayoga saka validhator ahli medhia yaiku ukuran medhia bisa luwih dikedhehake maneh lan tata urutane dibenerake, dene saka validhator ahli materi yaiku ukuran font kudu luwih gedhi supaya cetha lan panulisane kudu bener.

Sawise direvisi, medhia pasinaon banjur diuji cobakake ing kelas VII I minangka kelas uji instrumen. Kelas iki bakal nguji reliabilitas instrumen soal tes kang bakal digunakake ing kelas eksperimen lan kelas kontrol. Uji coba iki bakal ditindakake ping pindhho. Uji coba kaping pisan kanthi materi nulis geguritan tema kaendahan lingkungan lan uji coba kaping pindhho yaiku tema lingkungan bisa kaendahan bisa uga rusake lingkungan. Yen asil uji instrumen wis reliabel banjur soal tes bisa digunakake ing kelas eksperimen lan kelas kontrol.

Uji Coba Nggunakake I

Instrumen kang bakal digunakake ing uji coba iki sadurunge bakal diuji reliabilitase ing kelas uji instrumen. Asil ing kelas VII I minangka kelas uji instrumen ngasilake pangitungan biji kognitif ngasilake r_{hitung} 0,79. Asil r_{hitung} kasebut banjur dibandingake karo r_{tabel} kanthi $n = 38$ ing taraf signifikansi 5% yaiku $r_{tabel} = 0,320$. Sawise dibandingake antarane r_{hitung} lan r_{tabel} yaiku ngasilake $r_{hitung} = 0,79 > r_{tabel} = 0,320$. Asil pangitungan biji psikomotor ngasilake r_{hitung} 0,607. Asil r_{hitung} kasebut banjur dibandingake karo r_{tabel} kanthi $n = 38$ ing taraf signifikansi 5% yaiku $r_{tabel} = 0,320$. Sawise dibandingake antarane r_{hitung} lan r_{tabel} yaiku ngasilake $r_{hitung} = 0,607 > r_{tabel} = 0,320$. Bisa didudut saka asil biji kognitif lan psikomotor kasebut yen soal ing *pre-test* lan *post-test* reliabel utawa layak digunakake kanggo panliten ing kelas eksperimen lan kelas kontrol.

Kelas Eksperimen

Panliten uji coba nggunakake siji ing kelas eksperimen iki ditindakake kaping pisan ing dina Rabu tanggal 23 Agustus 2017, jam piwulangan ke 3-4 yaiku tabuh 08.20 - 09.40. Uji coba iki

ditindakake ing kelas VII C minangka kelas eksperimen. Uji coba kaping pisan iki ngenani materi nulis teks geguritan kanthi tema kaendahan lingkungan. Uji coba iki ditindakake mung sapatemon. Ing patemon kasebut siswa diwenahi soal *pre-test* kanggo ngukur kawasisan dhasar siswa. Sawise *pre-test* banjur siswa diwenahi materi nulis teks geguritan. Amarga kelas eksperimen, mula sajrone piwulangan ing kelas iki siswa diwenahi medhia kanggo mbiyantu siswa sajrone nyinaoni materi nulis geguritan. Andharan asil uji coba nggunakake siji ing kelas eksperimen bakal diandharake ing ngisor iki.

Pre-Test

Adhedhasar asile *pre-test* kang ditindakake ing kelas eksperimen biji kang paling endhek yaiku 35, lan sing paling dhuwur yaiku 81,67. SMP Negeri 26 Surabaya nemtokake KKN yaiku 80. Para siswa kasebut kudune bisa nggayuh KKM kang wis ditemtokake dening sekolahan. Asil saka pasinaon mung ana 1 siswa kang tuntas, saluwih durung nggayuh biji KKM kang wis ditemtokake. Saliyane ketuntasan kang kudu digayuh ing saben siswa uga ana ketuntasan kelas yaiku 80% saka cacah siswa ing kelas kasebut. Persentase ketuntasan kelas eksperimen saka asil *pre-test* iki yaiku

$$\frac{1}{38} \times 100\% = 2,6\% \quad \text{wis tuntas lan}$$

$$\frac{37}{38} \times 100\% = 97,37\% \quad \text{siswa durung tuntas. Asil persentase kelulusan kelas iki nuduhake endhek banget.}$$

Proses Pasinaon

Adhedhasar kagiyatan pasinaon kelas eksperimen kang wis ditindakake jumlahe biji yaiku 68, kanthi rincian kang oleh biji 3 ana 4 lan kang oleh biji 4 ana 14, saengga bisa diitung persentase frekuensi kedadeyan kaya ing ngisor iki:

$$P = \frac{(3 \times 4) + (4 \times 14)}{70} \times 100\%$$

$$P = \frac{12 + 56}{70} \times 100\%$$

$$P = 97\%$$

Asil pangitungan persentase kasebut yaiku 97%, iki nuduhake asil kang kagolong “apik banget” amarga kalebu ing rentang biji 90% - 100%. Asil pangitungan saka tabel antuk rata-rata 94,44 iki nuduhake asil kang kalebu “apik banget” amarga kalebu ing rentang biji 81-100. Adhedhasar asil kasebut bisa didudut menawa pasinaon kanthi nggunakake medhia *explosion box* bisa nyengkuyung minate para siswa sajrone sinau materi nulis teks geguritan.

Saliyane biji *pre-test* lan *post-test* sajrone piwulangan, siswa uga bakal dibiji sikap afektife. Afektif ing kene diperang dadi rong sikap yaiku sikap spiritual lan sikap sosial. Aspek-aspek kang dibiji sajrone sikap spiritual yaiku kalebu (1) *berdoa*

sebelum dan sesudah pembelajaran, (2) berkomunikasi menggunakan bahasa Daerah yang baik dan benar, (3) memberi dan menjawab salam pada awal dan akhir pembelajaran. Aspek-aspek kang dibiji sajrone sikap sosial yaiku kalebu (1) membiasakan berkata jujur, (2) bertanggung jawab atas tugas yang diberikan, (3) santun dalam bertanya dan berpendapat.

Adhedhasar andharan asil biji afektif kelas eksperimen bisa didudut yen ana perangan kang kudu diundhakake kayata panganggone basa Jawa sajrone komunikasi sabendinane lan tumindak santun nalika ngandharke pitakonan lan ngandharake panyarune. Saliyane perangan kasebut, perangan liyane uga bisa tetep apik utawa bisa uga luwih ditikelake maneh. Perangan kasebut kayata dedunga ing sadurunge proses pasinaon lan dedunga sawise proses pasinaon. Kahanan kasebut wis apik nanging isih bisa ditikelake maneh ing piwulangan sabanjure.

Post-Test

Adhedhasar asile biji kognitif lan psikomotor soal *post-test* kelas eksperimen kanthi patokan ketuntasan yaiku biji KKM 80. Nuduhake rata-rata biji *post-test* siswa ing kelas eksperimen yaiku 83,46. Biji siswa ing kelas eksperimen kang paling endhek yaiku 75, lan sing paling dhuwur yaiku 95. Saliyane iku, diweruhi uga yen saka 38 siswa kang melu tes kasebut ana 4 siswa kag durung tuntas. Persentase ketuntasan kelas eksperimen saka asil *post-test* iki yaiku $\frac{4}{38} \times 100\% = 10,52\%$ siswa kang durung tuntas lan $\frac{34}{38} \times 100\% = 89,5\%$ siswa kang wis tuntas. Asil persentase saka ketuntasan kelas kasebut nuduhake yen luwih saka 80% siswa luwih kang bijine wis tuntas saka biji KKM kang wis ditemtokake dening sekolahan. Asil biji ing *post-test* ing ndhuwur lan asil persentase ketuntasan kelas eksperimen ing ujicoba nggunakake 1 iki wis ana undhak-undhakan ing pasinaone siswa kang nggunakake medhia *explosion box* sajrone materi piwulangan nulis teks geguritan.

Sawise nindakake *pre-test* lan *post-test* banjur bisa diweruhi *efektivitas* medhia pasinaon saka rumus kang wis diandharake ing bab sadurunge. Asil *efektivitas* ing kelas eksperimen uji coba nggunakake 1 nganggo *t-signifikansi* lan nguji hipotesis.

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{N(N-1)}}}$$

$$t = \frac{30,42}{\sqrt{\frac{4049,65}{38(38-1)}}} = \frac{30,42}{1,697} = 17,92$$

Adhedhasar pangitungan kasebut ing ndhuwur lan kriteria signifikansi kang wis ditemtokake kelas eksperimen, diasilake $t_{hitung} = 17,92 \geq t_{tabel} = (0,05, db = 37) = 2,04$. Asil iki nuduhake yen " H_0 ditolak" lan " H_1 ditampa". Bisa didudut yen ana pambada kang signifikan antarane biji *pre-test* lan biji *post-test* ing kelas eksperimen iki. Anane undhak-undhakan kang signifikan kasebut, nuduhake yen panganggone medhia *explosion box* sajrone pasinaon ing kelas eksperimen bisa mbiyantu siswa sajrone pasinaon nulis geguritan lan nyengkuyung asile tes siswa.

Kelas Kontrol

Uji coba ing kelas kontrol iki, diwiwiti kanthi kagiyatan ngisi soal *pre-test*. Siswa diwenahi soal *pre-test* sadurunge siswa nrima materi utawa sadurunge proses pasinaon ditindakake. Cacahe siswa kelas kontrol nalika nindakake *pre-test* iki ana 37 siswa, saka siswa total ing kelas kontrol ana 38, dadi ana 1 siswa kang ora nindakake *pre-test* ing uji coba 1.

Pre-test

Adhedhasar asile pasinaon *pre-test* ing kelas kontrol, biji kang paling endhek yaiku 35, lan sing paling dhuwur yaiku 81,67. SMP Negeri 26 Surabaya nemtokake KKM yaiku 80. Para siswa kasebut kudune bisa nggayuh KKM kang wis ditemtokake dening sekolahan. Asil saka pasinaon mung ana 1 siswa kang tuntas, saluwih durung nggayuh biji KKM kang wis ditemtokake. Saliyane ketuntasan kang kudu digayuh ing saben siswa uga ana ketuntasan kelas yaiku 80% saka cacahe siswa ing kelas kasebut. Persentase ketuntasan kelas kontrol saka asil *pre-test* iki yaiku $\frac{1}{37} \times 100\% = 2,6\%$ wis tuntas lan $\frac{36}{37} \times 100\% = 97,37\%$ siswa durung tuntas. Asil persentase kelulusan kelas iki nuduhake endhek banget.

Kagiyatan pasinaon kelas kontrol jumlahe biji yaiku 56, kanthi rincian kang oleh biji 2 ana 5, kang oleh biji 3 ana 10, lan kang oleh biji 4 ana 4, saengga bisa diitung persentase frekuensi kedadayan kaya ing ngisor iki:

$$P = \frac{(2 \times 5) + (3 \times 10) + (4 \times 4)}{76} \times 100\%$$

$$P = \frac{10 + 30 + 16}{76} \times 100\%$$

$$P = 73\%$$

Asil pangitungan nuduhake persentase 73%, persentase kasebut kagolong "kurang" amarga kalebu ing rentang biji 70% - 80%. Asil pangitungan saka tabel antuk rata-rata 74 iki nuduhake asil kang kalebu "kurang" amarga kalebu ing rentang biji 61-80. Adhedhasar asil kasebut bisa didudut menawa

pasinaon kelas kontrol ing uji coba nggunakake I iki kagolong kurang lan biji rata-ratane isih durung bisa nggayuh biji KKM 80. Biji persentase kasebut uga mbuktekake yen pasinaon ing kelas kontrol kang ora nggunakake medhia *explosion box* isih durung apik, beda karo kelas eksperimen kang nggunakake medhia *explosion box* nduweni asil persentase biji kang kagolong “apik banget”.

Proses pasinaon siswa ing kelas kontrol bakal dibiji sikap spiritual lan sikap sosiale. Aspek-aspek kang dibiji sajrone sikap spiritual yaiku kalebu (1) *berdoa sebelum dan sesudah pembelajaran*, (2) *berkomunikasi menggunakan bahasa Daerah yang baik dan benar*, (3) *memberi dan menjawab salam pada awal dan akhir pembelajaran*. Aspek-aspek kang dibiji sajrone sikap sosial yaiku kalebu (1) *membiasakan berkata jujur*, (2) *bertanggung jawab atas tugas yang diberikan*, (3) *santun dalam bertanya dan berpendapat*.

Biji aspek sikap spiritual peranan nomer 1 oleh rata-rata 3,34. Biji aspek sikap spiritual peranan nomer 2 oleh rata-rata 2,89. Biji aspek sikap spiritual peranan nomer 3 oleh rata-rata 3,45. Biji saka aspek sosial peranan nomer 1 oleh rata-rata 3,68. Biji saka aspek sosial peranan nomer 2 oleh rata-rata 3,42. Biji saka aspek sosial peranan nomer 3 oleh rata-rata 3,34. Asil katelu peranan aspek sosial lan aspek spiritual kasebut banjur dirata-rata lan ngasilake biji 20,13. Biji total sikap afektif ing kelas kontrol yaiku 83,88. Saka nem aspek kang dibiji rata-rata 2,89 saka aspek spiritual dadi biji kang paling endhek. Aspek spiritual kasebut kanggo biji babagan *berkomunikasi menggunakan bahasa Daerah yang baik dan benar*. Bab kasebut negesi yen siswa ing kelas kontrol iki isih kangelan kanggo nggunakake basa Jawa ing basa sabendinane. Basa campuran antara basa Jawa lan basa Indonesia dadi basa kang digunakake dening siswa. Saka nem aspek ing ndhuwur kang dadi biji rata-rata paling ndhuwur yaiku oleh biji 3,68 ngenani aspek sosial nomer siji *membiasakan berkata jujur*. Dhata kasebut isih kalah dhuwur tinimbang biji rata-rata ing kelas eksperimen, nanging bedane ora adoh dadi kaloré kelas wis bisa dianggep juju sajrone pasinaon.

Post-Test

Rata-rata biji *post-test* siswa ing kelas kontrol yaiku ngasilake rata-rata biji 66,32. Kanthi pathokan katuntasan biji KKM 80 cetha banget yen kelas iki kalebu durung tuntas. Saka 37 siswa kang nindakake tes mung ana patang siswa kang nduweni biji tuntas lan 33 siswa kang durung tuntas. Biji siswa ing kelas kontrol kang paling dhuwur yaiku 86,67 lan paling endhek yaiku 53,33. Persentase ketuntasan kelas kontrol saka asil *post-test* iki yaiku $\frac{22}{37} \times 100\% = 89,18\%$ siswa kang durung tuntas lan $\frac{4}{37} \times 100\% = 10,81\%$ siswa kang

wis tuntas. Asil persentase saka ketuntasan kelas kasebut nuduhake yen kurang saka 80% siswa luwih kang bijine durung tuntas saka biji KKM kang wis ditemtokake dening sekolahan. Asil persentase kasebut malah nuduhake yen luwih akeh siswa kang durung tuntas tinimbang sing wis tuntas. Mung ana 10% siswa saka 37 siswa ing kelas kontrol kang bijine wis tuntas. Saka asil biji *post-test* kang ditindakake kelas kontrol nuduhake yen pasinaon ing kelas kontrol iki kalebu kurang lan luwih akeh siswa sing bijine durung tuntas tinimbang sing wis tuntas.

Sawise ngitung mean kang diasilake ing kelas kontrol kasebut banjur ngitung *efektivitas* pasinaon nganggo *t-signifikansi* lan nguji hipotesis.

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{N(N-1)}}} = \frac{15,96}{\sqrt{\frac{2182,12}{38(38-1)}}} = \frac{15,96}{1,25} = 12,81$$

Asil pangitungan ing ndhuwur lan kriteria signifikansine kang wis ditemtokake kelas kontrol, ngasilake $t_{hitung} = 12,81 \geq t_{tabel} = (0,05, db = 37) = 2,04$. Asil t_{hitung} ing kelas kontrol iki bakal digunakake kanggo nggoleki *efektivitas* medhia kang digunakake ing kelas eksperimen. *efektivitas* mengko bakal mbandingake asil t_{hitung} kasebut.

Sawise ngitung *efektivitas* ing saben kelas yaiku ing kelas eksperimen lan kelas kontrol, banjur tahap sabanjure yaiku ngitung *efektivitas* medhia *explosion box* kang dikembangake sajrone panliten iki. Ngitung *efektivitas* medhia iki ditindhakake kanthi cara mbandhingake asil pasinaon ing kelas eksperimen lan kelas kontrol. Mbandhingake asil pambiji ing rong kelas kasebut nduweni tujuwan kanggo ngaweruhi medhia *explosion box* kang dikembangake sajrone panliten iki efektif apa ora yen digunakake sajrone proses pasinaon nulis geguritan. Amarga proses pasinaon ing kelas eksperimen nggunakake medhia *explosion box*, dene ing kelas kontrol ora nggunakake medhia *explosion box*. Adhedhasar pangitungan *t*-tes lan kriteria kang wis ditemtokake sadurunge yaiku $t_{hitung} = 6,73 \geq t_{tabel} (0,05 db=74) = 2,000$ bisa didudut yen “ H_0 ditolak” lan “ H_1 ditampa” nduweni teges, ana pambeda kang signifikan antarane pasinaon kelas eksperimen kang nggunakake medhia *explosion box* karo kelas kontrol kang ora nggunakake medhia *explosion box*.

Uji Coba Nggunakake II

Instrumen kang bakal digunakake ing uji coba II iki uga bakal diuji *reliabilitase* ing kelas uji instrumen. Asil ing kelas VII I minangka kelas uji instrumen ngasilake $r_{hitung} = 0,78$. Asil r_{hitung} kasebut banjur dibandhingake karo r_{tabel} kanthi $n = 38$ ing taraf signifikansi 5% yaiku $r_{tabel} = 0,320$. Asil

pambandhing antarane r_{hitung} lan r_{tabel} ngasilake $r_{hitung} = 0,78 > r_{tabel} = 0,320$. Asil pangitungan biji psikomotor ngasilake $r_{hitung} 0,529$. Asil r_{hitung} kasebut banjur dibandhingake karo r_{tabel} kanthi $n = 36$ ing taraf signifikansi 5% yaiku $r_{tabel} = 0,329$. Sawise dibandhingake antarane r_{hitung} lan r_{tabel} yaiku ngasilake $r_{hitung} = 0,529 > r_{tabel} = 0,329$. Bisa didudut saka asil biji psikomotor kasebut yen soal ing *pre-test* lan *post-test* reliabel utawa layak digunakake kanggo panliten ing kelas eksperimen lan kelas kontrol.

Kelas Eksperimen

Kelas VII C minangka kelas eksperimen nindakake uji coba nggunakake kaping pindho ing dina Rabu tanggal 30 Agustus 2017, jam piwulangan ke 3-4 yaiku wiwit tabuh 08.20 – 09.40. Uji coba kaping pindho iki ngenani materi nulis teks geguritan kanthi tema lingkungan. Beda kaliyan uji coba nggunakake sing sadurunge kanthi tema kaendahan lingkungan, ing uji coba nggunakake kaping pindho iki temane digawe bebas nanging isih kudu kambu-kambunen tema lingkungan, bisa kaendahan lingkungan bisa uga rusake lingkungan. Kabebasan milih tema dikarepake asil reriptane siswa bisa luwih maneka warna antara siji lan sijine.

Pre-Test

Adhedhasar asile *pre-test* ing kelas eksperimen, biji kang paling endhek yaiku 41,67, lan sing paling dhuwur yaiku 81,67. SMP Negeri 26 Surabaya nemtokake KKM yaiku 80. Biji paling endhek ing uji coba nggunakake II iki luwih dhuwur tinimbang uji coba nggunakake kang kaping pisan, nanging tetep biji kasebut isih kurang saka biji KKM kang wis ditemtokakake dening sekolahan. Para siswa ing kelas VII C iki kudune bisa nggayuh KKM kang wis ditemtokake dening sekolahan. Asil saka pasinaon namung ana 1 siswa kang tuntas, saluwih durung nggayuh biji KKM kang wis ditemtokake. Saliyane ketuntasan kang kudu digayuh ing saben siswa uga ana ketuntasan kelas yaiku 80% saka cacahé siswa ing kelas kasebut. Persentase ketuntasan kelas eksperimen saka asil *pre-test* iki yaiku $\frac{1}{38} \times 100\% = 2,6\%$ wis tuntas lan $\frac{37}{38} \times 100\% = 97,37\%$ siswa durung tuntas. Asil persentase kelulusan kelas iki nuduhake endhek banget.

Adhedhasar kagiyatan pasinaon kelas eksperimen kang wis ditindakake jumlahe biji yaiku 68, kanthi rincian kang oleh biji 3 ana 4 lan kang oleh biji 4 ana 14, saengga bisa diitung persentase frekuensi kedadeyan kaya ing ngisor iki:

$$P = \frac{(3 \times 4) + (4 \times 14)}{70} \times 100\%$$

$$P = \frac{12 + 56}{70} \times 100\%$$

$$P = 97\%$$

Asil pangitungan persentase kasebut yaiku 97%, iki nuduhake asil kang kagolong “apik banget” amarga kalebu ing rentang biji 90% - 100%. Asil pangitungan saka tabel antuk rata-rata 94,44 iki nuduhake asil kang kalebu “apik banget” amarga kalebu ing rentang biji 81-100. Adhedhasar asil kasebut bisa didudut menawa pasinaon kanthi nggunakake medhia *explosion box* bisa nyengkuyung minate para siswa sajrone sinau materi nulis teks geguritan.

Saliyane biji *pre-test* lan *post-test* sajrone piwulangan, siswa uga bakal dibiji sikap afektife. Afektif ing kene diperang dadi rong sikap yaiku sikap spiritual lan sikap sosial. Aspek-aspek kang dibiji sajrone sikap spiritual yaiku kalebu (1) *berdoa sebelum dan sesudah pembelajaran*, (2) *berkomunikasi menggunakan bahasa Daerah yang baik dan benar*, (3) *memberi dan menjawab salam pada awal dan akhir pembelajaran*. Aspek-aspek kang dibiji sajrone sikap sosial yaiku kalebu (1) *membiasakan berkata jujur*, (2) *bertanggung jawab atas tugas yang diberikan*, (3) *santun dalam bertanya dan berpendapat*.

Biji saka aspek sosial perangan nomer 1 oleh rata-rata 4. Biji saka aspek sosial perangan nomer 2 oleh rata-rata 3,76. Biji saka aspek sosial perangan nomer 3 oleh rata-rata 3,47. Asil rata-rata saka kabeh perangan kasebut oleh 21,84. Saka pambiji rata-rata nem aspek ing ndhuwur, ana biji 3,29 kang dadi rata-rata paling endhek ing aspek spiritual. Perangan kasebut yaiku kanggo biji aspek spiritual perangan loro *berkomunikasi menggunakan bahasa Daerah yang baik dan benar*.

Post-Test

Rata-rata biji *post-test* siswa ing kelas eksperimen yaiku 85,81. Biji siswa ing kelas eksperimen kang paling endhek yaiku 73,33, lan sing paling dhuwur yaiku 97. Biji paling dhuwur ing uji coba nggunakake II iki luwih dhuwur tinimbang biji paling dhuwur ing uji coba nggunakake sadurunge. Adhedhasar patokan ketuntasan yaiku biji KKM 80 biji kelas eksperimen iki kagolong apik. Saliyane kuwi diweruhi uga yen saka 38 siswa kang melu tes kasebut ana 4 siswa kag durung tuntas lan 34 wis tuntas. Siswa kelas eksperimen kang durung tuntas ing uji coba nggunakake II lan uji coba sadurunge kepasan cacahé padha yaiku ana 4 siswa. Kahanan kasebut nuduhake menawa katuntasan kelas ing kelas eksperimen iki wis kagolong tuntas, amarga isih luwih akeh siswa sing tuntas tinimbang sing durung tuntas. Katuntasan kelas bakal dibuktakake kanthi cara kaya mangkene : $\frac{4}{38} \times 100\% = 10,52\%$

siswa kang durung tuntas lan $\frac{34}{38} \times 100\% = 89,5\%$ siswa kang wis tuntas. Asil peresentase saka ketuntasan kelas kasebut nuduhake yen luwih saka 80% siswa luwih kang bijine wis tuntas saka biji KKM kang wis ditemtokake dening sekolahan. Asil biji *post-test* ing ndhuwur lan asil persentase ketuntasan kelas eksperimen ing ujicoba nggunakake II iki negesi yen ana undhak-undhakan ing pasinaone siswa kang nggunakake medhia *explosion box* sajrone materi piwulangan nulis teks geguritan.

Sawise nindakake *pre-test* lan *post-test* banjur bisa diweruhi *efektivitas* medhia pasinaon saka rumus kang wis diandharake ing bab sadurunge. Asil *efektivitas* Uji coba nggunakake II ing kelas eksperimen nganggo *t-signifikansi* lan nguji hipotesis ngasilake:

$$t = \frac{Ma}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{N(N-1)}}} = \frac{30,07}{\sqrt{\frac{2515,81}{38(38-1)}}} = \frac{30,07}{1,34} = 22,48$$

Adhedhasar pangitungan kasebut lan kriteria signifkasi kang wis ditemtokake kelas eksperimen, diasilake $t_{hitung} = 22,48 \geq t_{tabel} = (0,05, db = 37) = 2,04$. Asil iki nuduhake yen " H_0 ditolak" lan " H_1 ditampa". Bisa didudut yen ana pambada kang signifikan antarane biji *pre-test* lan biji *post-test* ing kelas eksperimen iki. Anane undhak-undhakan kang signifikan kasebut, nuduhake yen panganggone medhia *explosion box* sajrone pasinaon ing kelas eksperimen bisa mbiyantu siswa sajrone pasinaon nulis geguritan lan nyengkuyung asile tes siswa.

Kelas Kontrol

Uji coba kaping pindho ing kelas kontrol iki, diwiwiti kanthi kagiyatan ngisi soal *pre-test*. Siswa diwenahi soal *pre-test* sadurunge siswa nrima materi utawa sadurunge proses pasinaon ditindakake. Cacahe siswa kelas kontrol nalika nindakake *pre-test* iki ana 38 siswa.

Pre-test

SMPN 26 Surabaya nemtokake KKM basa Jawa yaiku 80. Adhedhasar biji KKM lan asil pasinaon kang dijilentrehake ing ndhuwur kelas kontrol ing uji coba II iki isih akeh sing durung tuntas. Saka 38 siswa ing kelas kasebut mung ana sasiswa kang wis tuntas kanthi biji 83,33. Biji kasebut uga dadi biji paling dhuwur ing uji coba II kelas kontrol lan biji 35 dadi biji kang paling endhek. Para siswa kasebut kudune bisa nggayuh KKM kang wis ditemtokake dening sekolahan. Ketuntasan kelas kontrol ing uji coba II iki yaiku 80% saka cacahe siswa ing kelas kasebut. Persentase ketuntasan kelas kontrol saka asil *pre-test* iki yaiku

$\frac{1}{38} \times 100\% = 2,6\%$ wis tuntas lan $\frac{37}{38} \times 100\% = 97,37\%$ siswa durung tuntas. Asil persentase kelulusan kelas iki nuduhake endhek banget lan biji 35 uga dadi biji paling endhek sajrone nindakake panliten iki.

Adhedhasar kagiyatan pasinaon kelas kontrol jumlahe biji yaiku 56, kanthi rincian kang oleh biji 2 ana 5, kang oleh biji 3 ana 10, lan kang oleh biji 4 ana 4, saengga bisa diitung persentase frekuensi kedadeyan kaya ing ngisor iki:

$$P = \frac{(2 \times 4) + (3 \times 11) + (4 \times 4)}{76} \times 100\%$$

$$P = \frac{8 + 33 + 16}{76} \times 100\%$$

$$P = 75\%$$

Asil pangitungan persentase kasebut yaiku 75%, iki nuduhake asil kang kagolong "kurang" amarga kalebu ing rentang biji 70% - 80%. Asil pangitungan saka tabel antuk rata-rata 75 iki nuduhake asil kang kalebu "kurang" amarga kalebu ing rentang biji 61-80. Adhedhasar asil kasebut bisa didudut menawa pasinaon kelas kontrol ing uji coba II iki kagolong kurang, senajan ana undhak-undhakan biji saka uji coba I nanging biji rata-ratane isih durung bisa nggayuh biji KKM 80 kang wis ditemtokake dening sekolahan. Biji persentase kasebut uga mbuktekake yen pasinaon ing kelas kontrol kang ora nggunakake medhia *explosion box* isih durung apik, beda karo kelas eksperimen kang nggunakake medhia *explosion box* nduweni asil persentase biji kang kagolong "apik banget".

Proses pasinaon siswa ing kelas kontrol bakal dibiji sikap spiritual lan sikap sosiale. Aspek-aspek kang dibiji sajrone sikap spiritual yaiku kalebu (1) *berdoa sebelum dan sesudah pembelajaran*, (2) *berkomunikasi menggunakan bahasa Daerah yang baik dan benar*, (3) *memberi dan menjawab salam pada awal dan akhir pembelajaran*. Aspek-aspek kang dibiji sajrone sikap sosial yaiku kalebu (1) *membiasakan berkata jujur*, (2) *bertanggung jawab atas tugas yang diberikan*, (3) *santun dalam bertanya dan berpendapat*.

Rata-rata saka asil biji total sikap spiritual lan sikap sosial yaiku 86,73. Biji aspek sikap spiritual perangan nomer 1 oleh rata-rata 3,39. Biji aspek sikap spiritual perangan nomer 2 oleh rata-rata 3,13. Biji aspek sikap spiritual perangan nomer 3 oleh rata-rata 3,55. Biji saka aspek sosial perangan nomer 1 oleh rata-rata 3,84. Biji saka aspek sosial perangan nomer 2 oleh rata-rata 3,53. Biji saka aspek sosial perangan nomer 3 oleh rata-rata 3,37. Asil rata-rata saka kabeh perangan kasebut oleh 20,82. Saka pambiji rata-rata nem aspek ing ndhuwur, ana biji 3,13 kang dadi rata-rata paling endhek ing aspek

spiritual. Perangan kasebut yaiku kanggo biji aspek spiritual perangan loro *berkomunikasi menggunakan bahasa Daerah yang baik dan benar*. Perangan iki isih endhek banget ing kelas kontrol.

Post-Test

Adhedhasar asile biji kognitif lan psikomotor uji coba II kelas kontrol ing ndhuwur kanthi patokan ketuntasan yaiku biji KKM 80. Dhata ing ndhuwur nuduhake rata-rata biji *post-test* siswa ing kelas kontrol yaiku 66,14. Biji rata-rata siswa ing kelas kontrol kasebut kalebu durung tuntas. Biji siswa ing kelas kontrol kang paling endhek yaiku 44,17, lan sing paling dhuwur yaiku 87,5. Saliyane iku, diweruhi saka 38 siswa kang melu ngisi soal *post-test* ana 7 siswa kang wis tuntas, lan 31 siswa kang durung tuntas. Persentase ketuntasan kelas kontrol saka asil *post-test* iki yaiku $\frac{31}{38} \times 100\% = 81,58\%$ siswa kang durung tuntas lan $\frac{7}{38} \times 100\% = 18,42\%$ siswa kang wis tuntas. Asil persentase saka ketuntasan kelas kasebut nuduhake yen kurang saka 80% siswa luwih kang bijine durung tuntas saka biji KKM kang wis ditemtokake dening sekolahan. Asil persentase kasebut malah nuduhake yen luwih akeh siswa kang durung tuntas tinimbang sing wis tuntas. Mung ana 18% siswa saka 38 siswa ing kelas kontrol kang bijine wis tuntas saka biji KKM. Pasinaon ing kelas kontrol iki uga kalebu kurang amarga luwih akeh siswa sing bijine durung tuntas tinimbang sing wis tuntas.

Sawise ngitung mean kang diasilake ing kelas eksperimen kasebut banjur ngitung efektivitas pasinaon nganggo *t-signifikansi* lan nguji hipotesis.

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{N(N-1)}}}$$

$$t = \frac{15,04}{\sqrt{\frac{7175,96}{38(38-1)}}} = \frac{15,04}{2,25} = 6,68$$

Adhedhasar pangitungan kasebut lan kriteria signifkasi kang wis ditemtokake kelas kontrol, diasilake $t_{hitung} = 6,68 \geq t_{tabel} = (0,05, db = 37) = 2,04$. t_{hitung} kelas kontrol iki mengko bakal digunakake kanggo nggoleki efektivitas medhia kang digunakake ing kelas eksperimen, efektivitas mengko bakal mbandingake asil t_{hitung} kasebut.

Sawise ngitung efektivitas ing saben kelas yaiku ing kelas eksperimen lan kelas kontrol, banjur tahap sabanjure yaiku ngitung efektivitas medhia *explosion box* kang dikembangake sajrone panliten iki. Ngitung efektivitas medhia iki ditindhakake kanthi cara mbandhingake asil pasinaon ing kelas eksperimen lan kelas kontrol. Mbandhingake asil

pambiji ing rong kelas kasebut nduweni tujuwan kanggo ngaweruhi medhia *explosion box* kang dikembangake sajrone panliten iki efektif apa ora yen digunakake sajrone proses pasinaon nulis geguritan. Amarga proses pasinaon ing kelas eksperimen nggunakake medhia *explosion box*, dene ing kelas kontrol ora nggunakake medhia *explosion box*.

Ngitung t-tes Signifikan

$$t = \frac{|Mx - My|}{\sqrt{\left(\frac{\sum x^2 + \sum y^2}{Nx + Ny - 2}\right) \left(\frac{1}{Nx} + \frac{1}{Ny}\right)}}$$

$$t = \frac{|15,04 - 30,07|}{\sqrt{\left(\frac{5531,67 + 2515,81}{38 + 38 - 2}\right) \left(\frac{1}{38} + \frac{1}{38}\right)}}$$

$$t = \frac{|15,02|}{\sqrt{\left(\frac{8047,48}{74}\right) \left(\frac{2}{38}\right)}}$$

$$t = \frac{|15,02|}{\sqrt{5,7}}$$

$$t = \frac{|15,02|}{2,39}$$

$$t = 6,28$$

Adhedhasar pangitungan t-tes ing ndhuwur lan kriteria kang wis ditemtokake sadurunge yaiku $t_{hitung} = 6,28 \geq t_{tabel} (0,05, db=74) = 2,000$ bisa didudut yen “ H_0 ditolak” lan “ H_1 ditampa” nduweni teges, ana pambada ing uji coba nggunakake II kang signifikan antarane pasinaon kelas eksperimen kang nggunakake medhia *explosion box* kaliyan kelas kontrol kang ora nggunakake medhia *explosion box*. Pambada antarane kelas eksperimen lan kelas kontrol iku nuduhake yen ana undhak-undhakan sajrone kawasan nulis geguritan kanthi tema “Kaendahan Lingkungan” sawise nggunakake medhia *explosion box*. Asil iki uga bisa nuduhake yen medhia *explosion box* kang dikembangake ing panliten iki “efektif” digunakake sajrone proses pasinaon.

Asil Analisis Angket Respon Siswa

Angket respon siswa iki disebarake ing kelas sampel kang nggunakake medhia *explosion box* yaiku kelas VII I minangka kelas uji instrumen lan kelas VIIC minangka kelas eksperimen. Angket iki disebarake kanggo ngaweruhi respon siswa sawise nindakake proses pasinaon kanthi nggunakake medhia *explosion box*, dadi angket iki disebarake sawise proses pasinaon ditindakake. Angket iki disebarake ing pungkasan panliten yaiku ing patemon pungkasan utawa ing uji coba nggunakake II sawise ngisi soal *post-test*. Angket respon iki kasusun saka 10 pitakonan. Carane ngisi angket iki yaiku kanthi cara nyenthangi salah siji kolom kang

wis disiyapake ing saben pitakonan. Ing saben pitakonan siswa bisa milih siji saka 4 kolom kang wis disiyapake. Biji paling endhek sajrone 4 kolom wangsulan kang wis disiyapake ing angket respon siswa iki yaiku 1 lan paling dhuwur yaiku 4.

Asil Angket Respon Siswa Kelas VII I

Kelas VII I iki minangka kelas uji instrumen kang sajrone proses pasinaon materi nulis geguritan nggunakake medhia *explosion box*. Angket respon siswa iki diwenehake ing pungkasan piwulangan ing uji coba nggunakake II kanggo meruhi pambijine siswa marang medhia kang digunakake. Sajrone angket respon siswa ana 10 pitakonan ngenani medhia *explosion box*. Saka pambiji angket respon siswa kasebut panliti bakal ngaweruhi apik apa orane medhia kasebut kanggo digunakake sajrone proses pasinaon nulis geguritan.

Diagram 1

Rata-rata Asil Angket Respon Siswa Kelas Uji Instrumen




Diagram ing ndhuwur nuduhake asil rata-rata pambiji saka 4 pilihan wangsulan sajrone angket respon siswa ing kelas uji instrumen. Pilihan wangsulan 1 nuduhake asil rata-rata 0% amarga ora ana siswa ing kelas uji instrumen iki kang milih wangsulan 1 lan diagram pilihan wangsulan 2 nuduhake asil rata-rata 0,28% amarga mung ana sasiswa kang milih wangsulan 2. Pilihan wangsulan 3 nuduhake asil rata-rata 42,78%, lan pilihan wangsulan 4 nuduhake asil rata-rata 56,94%. Saka asil rata-rata kasebut bisa diweruhi menawa rata-rata paling dhuwur wangsulan kang dipilih siswa yaiku pilihan wangsulan 4, lan paling endhek yaiku pilihan wangsulan 1. Saka pilihan wangsulan kang dipilih dening siswa ing kelas uji instrumen iki nuduhake yen respon marang medhia kang digunakake sajrone piwulangan materi nulis geguritan iki "apik", siswa seneng nggunakake medhia *explosion box* sajrone pasinaon nulis geguritan.

Asil Angket Respon Siswa Kelas VII C

Kelas VII C ing panliten iki minangka kelas eksperimen, kang proses pasinaone kanthi

nggunakake medhia *explosion box*. Kaya kang wis diandharake sadurunge angket respon iki disebarake ing kelas sampel kang proses pasinaone nggunakake medhia *explosion box*. Medhia iki digunakake siswa ing materi piwulang nulis geguritan kanthi tema lingkungan. Ing salah siji bageyan saka medhia uga wis disiyapake gambar lan narasi kanggo mbantu siswa ngripta geguritan kanthi tema lingkungan. Kaya ing kelas uji instrumen, angket respon siswa ing kelas eksperimen iki uga diwenehake ing pungkasan kagiyatan uji coba nggunakake II, dadi sawise siswa ngisi soal *post-test* banjur diwenehi angket respon siswa iki. Asil angket respon siswa kelas VII C kaya diagram ing ngisor iki.

Diagram 2

Rata-rata Asil Angket Respon Siswa Kelas Eksperimen




Diagram 2 nuduhake asil rata-rata pambiji saka 4 pilihan wangsulan sajrone angket respon siswa ing kelas eksperimen. Pilihan wangsulan 1 nuduhake asil rata-rata 0% amarga ora ana siswa ing kelas uji instrumen iki kang milih wangsulan 1 lan pilihan wangsulan 2 nuduhake asil rata-rata 0,26% amarga saka 38 siswa kang ngisi angket respon siswa mung ana sasiswa kang milih wangsulan 2. Pilihan wangsulan 3 nuduhake asil rata-rata 46,72%, lan pilihan wangsulan 4 nuduhake asil rata-rata 53,02%. Saka asil rata-rata kasebut bisa diweruhi menawa rata-rata paling dhuwur wangsulan kang dipilih siswa yaiku pilihan wangsulan 4, lan paling endhek yaiku pilihan wangsulan 1. Saka pilihan wangsulan kang dipilih dening siswa ing kelas uji instrumen iki nuduhake yen respon marang medhia kang digunakake sajrone piwulangan materi nulis geguritan iki "apik", amarga akeh siswa sing paring biji maksimal kanggo medhia *explosion box* kasebut.

Asil Uji Hipotesis Uji Coba Nggunakake I

Hipotesis ing kene wis ditemtokake sadurunge uji coba nggunakake I ditindakake. Hipotesis iki nggunakake rong variabel, rong variabel kasebut bakal dibandingake. Variabel ing panliten iki yaiku kelas eksperimen lan kelas kontrol. Uji coba nggunakake I iki dianggep kasil

yen “H₀ ditolak” lan “H₁ ditampa”. Asil hipotesis saka uji coba nggunakake I kaya mangekene.

- (1) Mbandhingake asil *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen
 $t_{hitung} = 17,92 \geq t_{tabel} = 2,04$, (signifikan)
 Asil kasebut nuduhake yen “H₀ ditolak” lan “H₁ ditampa”.
- (2) Mbandhingake asil *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen lan kelas kontrol
 $t_{hitung} = 6,73 \geq t_{tabel} = 2,000$ (signifikan)
 Asil kasebut nuduhake yen “H₀ ditolak” lan “H₁ ditampa”.

Asil Uji Hipotesis Uji Coba Nggunakake II

Ngrumusake hipotesis sajrone panliten iku wigati banget, amarga saka rumusan hipotesis kang ditemtokake iki bakal diweruhi kasil lan orane panliten kasebut. Hipotesis ing uji coba nggunakake II iki uga nggunakake rong variabel, rong variabel kasebut bakal dibandhingake. Variabel ing panliten iki yaiku kelas eksperimen lan kelas kontrol. Uji coba nggunakake II iki dianggep kasil menawa “H₀ ditolak” lan “H₁ ditampa”. Asil hipotesis saka uji coba nggunakake II kaya mangekene.

- (1) Mbandhingake asil *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen
 $t_{hitung} = 22,48 \geq t_{tabel} = 2,04$, (signifikan)
 Asil kasebut nuduhake yen “H₀ ditolak” lan “H₁ ditampa”.
- (2) Mbandhingake asil *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen lan kelas kontrol
 $t_{hitung} = 6,28 \geq t_{tabel} = 2,000$ (signifikan)
 Asil kasebut nuduhake yen “H₀ ditolak” lan “H₁ ditampa”.

Andharan tintingan uji hipotesis uji coba nggunakake 1 lan 2 ing ndhuwur nuduhake asil “H₀ ditolak” lan “H₁ ditampa” bisa negesi menawa ana pambada kang signifikan saka asil pasinaon kelas eksperimen kang nggunakake medhia *explosion box* kaliyan kelas kontrol kang ora nggunakake medhia *explosion box*. Asil uji hipotesis kasebut uga bisa didudut menawa medhia *explosion box* kang dikembangake ing panliten iki bisa digunakake ing pasinaon, efektif, lan salaras karo pasinaon nulis geguritan tema “Lingkungan”.

KAPUSTAKAN

- Ambarwati, Ayu Sri. 2016. *Pangembangan Medhia Animasi Flash Tumrap Kawasisan Nyemak Crita Rakyat Siswa Kelas VII SMPN 2 Wlingi, Blitar Taun 2015/2016*. Skripsi ora diterbitake. Surabaya : Universitas Negeri Surabaya.
- Aprilia, Dini Wahyu Silvana. 2016. *“Pangembangan Medhia Muppet Ekspresi Tumrap*

Pasinaon Nyemak Dongeng Siswa Kelas V SDN Sukabumi 2 Kota Probolinggo” (Skripsi Ora diterbitake). Surabaya: PBD FBS Unesa

- Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta : Rineka Cipta.
- _____. 2013. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta : Rineka Cipta.
- Arsyad, Azhar. 2007. *Media Pembelajaran*. Jakarta : Rajawali Press.
- Badrun, Ahmad. 1989. *Teori Puisi*. Jakarta : Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Jenderal Pendidikan Tinggi Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan Tenaga Kependidikan.
- Basir, Udjang Pr. M. 2013. *Ketrampilan Menulis Dasar Menulis Ilmiah dalam Tulisan Latin dan Jawa (Pengantar Teori dan Praktik)*. Surabaya : Penerbit Bintang.
- Dalman. 2016. *Keterampilan Menulis*. Jakarta : PT. RajaGrafindo Persada
- Daryanto. 2013. *Media Pembelajaran*. Yogyakarta : Gava Media.
- <http://www.freeyourimagination.com/products/explosion-box/>, diakses tanggal 18 Januari 2017 jam 14.11
- Rachmayanti, Endita Septiara. 2017. *“Pangembangan Modhul Elektronik Materi Nulis Geguritan Abasis Modhalitas Pasinaon Tumrap Siswa Kelas VII SMP Negeri 19 Surabaya Taun Ajaran 2016-2017”* (Skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBD FBS Unesa
- Riduwan. 2013. *Skala Pengukuran Variabel-variabel Penelitian*. Bandung: Alfabeta.
- Sadiman, Arief S, dkk. 2010. *Media Pembelajaran : Pengertian, Pengembangan, dan Pemanfaatannya*. Jakarta : PT Raja Grafindo Persada.
- _____. 2014. *Media Pendidikan : Pengertian, Pengembangan, dan Pemanfaatannya*. Jakarta : PT Raja Grafindo Persada.
- Sarwono, Jonathan. 2006. *Metode Penelitian Kuantitatif dan Kualitatif*. Yogyakarta : Graha Ilmu.
- Setyosari, Prof. Dr. H. Punaji. 2016. *Metode Penelitian Pendidikan & Pengembangan*. Jakarta : PT Karisma Putra Utama.
- Sudijono, Anas. 2010. *Pengantar Statistik Pendidikan*. Jakarta: Rajawali Press

- Sugiyono. 2016. *Metode Penelitian Pendidikan Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung : Alfabeta.
- Suryam. 2014. "Pengertian Geguritan"
<http://www.geniusmart.net/2015/10/materi-bahasa-jawa-bab-geguritan-kelas.html>; diakses tanggal 11 Maret 2017 jam 10.17
- Sutirman. 2013. *Media & Model-model Pembelajaran Inovatif*. Yogyakarta : Graha Ilmu.
- Tarigan, Henry Guntur. 2008. *Menulis Sebagai Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.
- Tim Prima Pena. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Gitamedia Press
- Tjahjono, Tengsoe. 2000. *Membidik Bumi Puisi Ke Arah Kegiatan Apresiasi*. Surabaya: Sanggar kalimas Surabaya.
- Wardoyo, Sigit Mangun. 2013. *Teknik Menulis Puisi; Paduan Menulis Puisi untuk Siswa, Mahasiswa, Guru dan Dosen*. Yogyakarta: Graha Ilmu

